



Pou Piblikasyon Imedya: 29/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRAM PILÒT AK BABY2BABY POU BAY DAYPÈ AK LÒT ATIK ESANSYÈL POU FOUNISÈ SÈVIS VYOLANS DOMESTIK YO

*Sis founisè sèvis vyolans domestik nan Vil Nouyòk, Southern Tier ak nan Rejyon Lwès New York pral resevwa atik pou enefisye timoun sivivan vyolans domestik yo.*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon pwogram pilòt ant bank daypè nasyonal Baby2Baby ak sis founisè sèvis vyolans domestik pou distribye daypè ak lòt atik esansyèl bay sivivan vyolans domestik ak pitit yo nan Vil New York, Southern Tier ak nan Rejyon Lwès New York la. Anons jodi a sipòte politik ak inisyativ lidè nasyonal Eta New York yo pou sipòte sivivan vyolans domestik ak seksyèl ak transfòmè livrezon sèvis atravè eta a ki santre sou sivivan, ki pran an konsiderasyon twomatiz epi ki reponn yon fason kiltirèl, pandan y ap agrandi patenarya Eta New York ak Baby2Baby a. NYS Cares + Baby2Baby Diaper Bank kounye a ap bay 20 milyon daypè gratis, pou timoun ak fanmi atravè eta a atravè Pwogram Nitrisyon Ijans (Emergency Feeding Programs) New York yo.

"Pwoblèm vyolans domestik la se yon sitiyasyon ki pwofondman pèsoneèl pou mwen ak fanmi mwen, e se yon bagay mwen ap goumen kont li pandan tout lavi mwen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè pwogram sa a, administrasyon mwen an pran angajman pou ede sivivan yo ak fanmi yo resevwa sipò ak neseseite debaz yo bezwen pou yo viv yon avni ki pi briyan, ki pi an sekirite."

[Baby2Baby](#) se yon bank daypè ak yon òganizasyon san bi likratif ki bay timoun k ap viv nan povrete daypè, rad ak lòt neseseite debaz ke chak timoun merite. Eta New York konekte òganizasyon an ak HELP/ROADS, Urban Resource Institute, ak Safe Horizon ki soti nan Vil New York; Liberty Resource nan Southern Tier; ak Hispanos Unidos nan Buffalo ak YWCA Niagara nan Rejyon Lwès New York pou pwojè pilòt la, ki pral pèmèt yo pase de kòmand ak Baby2Baby depi kounye a jiska desanm. Founisè sèvis yo pral mennen sondaj sou kliyan ki gen timoun jiska 12 zan epi mande Baby2Baby atik ki esansyèl yo, ki pral evalye bezwen yo epi voye don dirèkteman bay founisè yo pou distribye bay sivivan yo ak fanmi yo.

**Ko-Direktè Egzekitif Jeneral Baby2Baby yo, Kelly Patricof Sawyer ak Norah Weinstein, te deklare,** "Baby2Baby fyè pou li elaji patenarya ki dire depi lontan ak Eta New York pou li ka bay sivivan vyolans domestik yo bagay ki esansyèl yo bezwen pou

kenbe pitit yo an sekirite ak an sante pandan moman san parèy sa a. Nou pa ka tann pou nou kontinye ogmante enpak travay sa a pou chak timoun, kèlkeswa sikonstans yo, resevwa nesesite debaz yo merite."

**Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik lan Kelli Owens te deklare,** "Sivivan yo travay san pran souf pou satisfè bezwen fanmi yo, e sa kapab patikilyèman reprezante yon defi pou moun nan kominote ki majinalize yo. Travay nou pou transfòme livrezon sèvis nan Eta New York an yon modèl ki pi santre sou sivivan vle di rankontre sivivan yo kote yo ye. Eta New York pran angajman pou asire sivivan yo gen tout sa yo bezwen pou ede yo jwenn estabilite ak otonomi, epi pwogram sa a pral ede sivivan ki pi bezwen li."

**Komisè Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an, Sheila J. Poole te deklare,** "Anplis bay yonabri ki an sekirite pou sivivan vyolans domestik yo, nou bezwen satisfè bezwen debaz yo epi ede yo sou wout endepandans yo. Mou felisite Gouvènè Hochul paske li te etabli pwogram vital sa a pou sipòte sivivan yo ak jèn timoun yo."

Nan 10 dènye ane yo, Baby2Baby deja distribye plis pase 200 milyon atik bay timoun ki nan refij pou sanzabri, pwogram vyolans domestik, fwaye dakèy, lopital ak lekòl ki pa desèvi ase, ansanm ak timoun ki te pèdi tout bagay apre katastwòf. Deja ane sa a, Baby2Baby te resevwa demann pou 731 milyon daypè, yon ogmantasyon 505 pousan lè nou konpare li ak 2020. Baby2Baby dirije tou Baby2Baby National Network (Rezo Nasyonal Baby2Baby) la, ki se yon gwoup òganizasyon ki gen menm lide ki distribye bagay esansyèl yo bay timoun k ap viv nan povrete nan plis pase 40 vil atravè peyi Etazini.

[Biwo pou Prevansyon kont Vyolans Domestik](#) Eta a se sèl ajans eta nan nivo egzekitif peyi a ki devwe ak pwoblèm vyolans domestik. Liy Asistans pou Vyolans Domestik ak Seksyèl eta disponib 24/7: 800-942-6906 (apèl), 844-997-2121 (tèks) oswa @opdv.ny.gov (tchat).

[Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi \(Office of Children and Family Services, OCFS\)](#) Eta lisansye ak finase [founisè sèvis vyolans domestik yo](#) epi [Biwo Sèvis Viktim \(Office of Victim Services\)](#) finanse ak sipò plis pase [200 pwogram asistans pou viktim nan tout eta](#) ki bay viktim ak sivivan krim yo ak fanmi yo sèvis dirèk. Pwogram asistans pou viktim sa yo ede viktim krim yo tou pou aplike pou dedomajman ak lòt asistans ki soti nan ajans lan, ki se yon rezo sekirite pou moun ki pa gen okenn lòt resous.

###

Lòt nouvèl ki disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418